Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 34 (7483)
29 Июль
Хамиз
2021 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Аппараталъулаб данделъи



Гъал къоязда районалъул администрациялда букIана иргадулаб аппараталъулаб данделъи. Гьениб бицен ккана пачалихъиял программаби тIуразарилъе кIвар бугел суалал, бакIал раялъул программаби, Шамильхъала поселокалда насосалъулаб станция букIинабиялъул, мусор бакIарияльул, лъелъ хIинкъи гьечIолъиялъул ва гIемерал цогидалги суалал.

Халкъалъе хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул суалалда хъатIулаго муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна дунялалда тIадго гьабсагIаталда ругел балагьазда ва бихьизабуна: «Нилъ хIадурго рукIине ккола чIвахун цIададзе, нухазе гьелъ зарал кьеялде. Хъаравуллъи букIинабизе ккола Рихьуни лъел хIоралда хадуб. ГьабсагIаталда гьениб хIалхьи гьабулеб буго цIикIкIараб къадар гIадамаз, гьел лъедолел руго катеразда рекIун, чвердолел руго, гьезие хIинкъи гьечIолъи букIинабизе ккола»,-ян.

Гьединго данделъиялда бицен ккана цогидал темабаздасанги. Гьел тIураялъе жавабизе кьуна тIадкъаял.

## Росабазул бутIрузулгун дандчIвай



22 июналда райадминистрациялда букIана нилъер муниципалитеталъул росабазул бутIрулгун ГI. НурмухIамадовасул дандчIвай. Гьеб бачана муниципалитеталъул бетIерас. ГIахьаллъана зам. М. ХIамзатов, финансовияб отделалъул нач. Ж. Шамсудинов ва цогидалги.

ДандчIваялда гьоркьоб лъуна чанго кIвар бугеб суал: гьезда гьоркьор рукIана росабазул территориял церетIезари, хасалиде хIадурлъи, 2021 соналда унеб росдал магIишаталъул микроперепись ва цогидабги Гьел суалазда хурхун хIалтIаби унел ругеб куцалъул бицана жавабияз. Киналго суалал тIураялъе тIаде кколезе кьуна тIадкъаял.

COVID - 2019 с.

## Вакцина гьабичIого рес гьечIо

Араб анкьил ахиралда райадминистрациялда букIана гьабсагIаталда бищунго кIвар бугел суалаздасан цояб коронавирусалде данде вакцина гьабиялъул суал тIубазабиялде буссараб данделъи. Лъалеб букIахъе кьойидаса кьойиде тIаде цIикIкIунеб буго гьеб хадур гьолареб унтиялъ унтаразул къадар. Гьелъ тIадаблъунги гьабизе ккола буго халкъалъго вакцинация гьаби – коллективияб иммунитет букIинаби.

Районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов дандчIвана гьеб суалалъул бугеб кIвараалъул бицун росабазул бутIрулгун. Гьес тIадчIей гьабуна гьабсагIаталда гIадамаз вакцинация гьабиялъул бугеб кIваралда. «Гьелъ холел руго ригь арал гурелги гIолохъаналги, унти лъугьун буго квер базе кIолареблъун. БичIчIа, жакъа вакцинация гьабиялда бараб буго гIемерисезул гIумро. Гьеб гьабичIого нилъее рес гьечIо! Цогидал регионазда ва районазда кьвареал тадбирал гьарулел руго гьеб гьабиялъе. Нилъ абуни дагьалго гIодоре риччан чIун руго. ГIадамазда бичIчIизабизе ккола вакцина гьабунгутIиялъ ккезе бегьулел хIасилал. Божуге сетазда тIиритIизарулел харбазда. ГьабсагIаталда вакцина гьаби тIадаб буго щивасда»,-ян тIадчIей гьабуна бетIерас.

Эпидемиологияб рахьалъ лъугьун бугеб захIматаб хIалалъухъги балагьун Дагъистаналъул Роспотребнадзоралъ республикаялда вакцина гьабизе ккеялъул суал кьвараб бербалагьиялда гьоркье босана ва гьабизе тIадаблъун бихьизабуна. Гьедин вакцина гьаби тIадаблъун бихьизабуна сахлъи цIуниялъул, лъай кьеялъул, гIаммаб квана-гьекъеялъул, берцинлъиялъул салоназул, физкультураялъул, спорталъул, социалияб рахьалъ гIадамал цIуниялъул, бичахисиялъул, рукIа-рахьиналъул ва цогидалги хъулухъазда, пачалихъалъул муниципалиял, гIаммаб транспорталъул бакIаздаги.



ТIадаб вакцинация гьаби букIине буго пачалихъиял ва муниципалиял хъулухъазул гIадамазе, пачалихъияб контролалъул органазул хIалтIухъабазеги.

Индивидуалияв предпринимателазе ва организациязул нухмалъулезе ва тIадехун рехсарал хъулухъал гьарулездаги тIадаб буго медицинаялъул организациязде гьединал бакIазда хIалтIулезул сихI щвезабизе, 9 августалде щвезегIан заманаялъ. ДандечIеялъул вакцина гьаби ине буго 30 августалде щвезегIан.

Коронавирус

## Вакцина гьабизин!

ГьитIинаб заманалда дида чIахIиял гIадамаз бицунеб рагIун букIана ахир заманаялъ гIажалгун цадахъ цере лъаларел рукIарал унтаби раккилин, цIадал ран, гьурал рахъун, лъинал кIанцIун, цIаял ккун, ракьал рагъарун балагьал гIемерлъилин, гьел киналго балагьал Аллагьас гIадамазда ццим бахъун риччалин хъван бугин Къуръан-хIадисазда,-абун. ХIакъикъаталдаги гьеб заман тIаде щун бугин ккола нилъеде. Рехсарал балагьал дунялалдаго загьирлъулел руго.

КIиабилеб сон буго дунялалдаго бичIчIизе захIматаб, мутировать жиб гьабулеб вирусалъ унел унти баккун бугелдаса. Гьелъ нилъеда аскIоса рачун унел руго хвелин ракIалдаго букIинчIел, гIумроги дунялги бокьулел гIадамал, гьанже чIахIиял тун вирусалъ гIолохъанал гIадамал, лъималгицин унтулел руго, хьизаналго цадахъ унтиялъул хIужабиги руго. Кьойидаса кьойиде захIматал рачIунел руго кьоял. ГьабсагIаталда киса-кибего тIибитIун буго хехго бахунеб Индиялъул штам,-абун цIар тараб дента вирус, киса-кибего батIиял руго гьелъул хIасилал. Цебе бихьуларо гьеб лъугIулеб замана, гьечIо гьелдаса цIуниялъе божизе жо.

(Ахир 2 гьумералда)

Дагъистаналда 28 июлалда сагІат 3:4І минут бугеб заманалда Рихтерил шкалаялда рекъон 4,5 магнитудалда ракь багъари ккана. Гьелъул эфицентр бугин бихьизабулеб буго Буйнакск шагьаралдаса гІемер рикІкІад гьечІого. Ракь багъариялъул толчкаби загьирлъана МахІачхъалаялда, регионалъул росабалъ, нилъер районалдаги. Жеги гьелъул толчкаби лъана Москвалда, Тихий океаналда, Курилалъул чІинкІиллъиялда ва Япониялда.

# ГІемерквартирабазул рукъзабахъ - гІумро тІами

(Районалда гьоркьоб лъуна гІемерквартирабазул рукъзабазул хІалтІи гІуцІиялъул суал)



Хал гьаби унеб къоялъго районалъул активияб залалда тІобитІана гІемерквартирабазул рукъзал 202І-2022 соназул хасалиде рукІине кколедухъ хІадурлъизе ккеялде рус-сарал суалалги гьоркьор лъун данделъи.

Гьенир гІахьаллъана районалъул бетІерасул зам. М. ХІамзатов, «УСЕЗ ва ЖКХ» МБУялъул нухмалъулев А. ГІабдулхаликъов, «Унсоколо район» МОялъул м у н и ц и п а л и я б г у н жилищнияб хъаравуллъиялъул инспектор А. МухІамадов, администрациялъул хІалтІухъаби ва цогидалги.

РДялъул БетІерасул ишал тІуралев С. Меликовасул тІадкъаялда рекъон гьал къоязда районалде рачІун рукІана Дагъистан Республикаялъул Пачалихъиябгун жилищнияб инспекциялъул вакилзаби. Гьезул аслияб масъала букІана Унсоколо районалда гІемерквартирабазул рукъзабазул

Данделъиялда бицен ккана тІадехун рехсарал росабалъ ругел гІемерквартирабазул бугеб хІалалъул. ТІуразе рихьизарурал суалазда



гІаммаб буголъиялъул хал ва цІех-рех гьаби ва 202І-2022 соназул хасалиде хІадурлъи. Сергей Касьяновасул нухмалъиялда гьоркь госинспекциялъул делегация щвана Шамильхъала поселокалъул, Унсоколо, Генуб росабалъ рарал квартирабахъе. Щибаб рукъалъул хал гьабун хадуб гьез гьаруна бадирчІваял, араб соналда заман цІан кьурал тІадкъаял тІуразариялда хурхун. Гьелъул заман букІана І5 сентябрь. Гьеб къоялде муниципалитеталда ругел киналго гІемерквартирабазул рукъзал хасалиде хІадурго рукІине ккола.

гьоркьор рукІана квартирабазухъ кьезе кколеб гІарцул къадар чІезаби, гьеб босула РФялъул Жилищнияб Кодексалъул 3 часталъул І56 статьялда, рукъ бан бугеб куцалъул качествалда рекъонги, гІумро гьабулеб рукъалъул наймалъул заключениялда рекъонги, гІемерквартирабазул рукъзабазул собственниказул гІаммаб собраниеги гьабун. Рукъалъул Советалъул вукІуна председатель, собственниказулгун гьес гьаруна данделъаби ва гь. ц.

Коронавирус

# Вакцина гьабизин!

Гьедин бугеб мехалъ рес бугищ нилъее тІалъиялъ нилъеде балеб бугеб ахІиялдеги гІенеккун вакцинация гьабичІого. Дицаги цІалула сетазда ругел гьелъул рахъалъ лъурал лъикІалги квешалги харбал. Цо-цо мехалъ дица хІисаб гьабула кигІан гІемерав тушман Россиялъул жанирги къватІирги ругел гьадин халкъ гуккизе ккани,-абун. Харбал гьез риччалел руго бугебги гьечІебги бицун. Улка биххидай гьазул мурад бугеб? Кинаб улка биххараб нилъер къватІисел хІукуматалги гьоркьоре лъугьун? Гьанже Россия биххиялъеги нилъедасанго пайда босулеб бугоданде ругел улкабаз. Нилъ абуни хІакъабищали лъаларел харбаздеги божун гьединазе кумекалъе рахъун руго. Гуреб батани цебегоялдаса нахъе гьарулел руго батІи-батІияв унтабазде данде нилъеца вакцинаби, гьел нилъеда гьаруна лъимерлъиялдаса нахъего. Жакъасеб вирусалде данде бахъараб вакцинаялда абуни халкъ данде бахъинабулеб буго дир хІисабалда улкаялъе захІмалъи г1уц1изелъун, ва нухмалъулезе зах1малъизелъун.

Дагьал церегІан къоязда дица гьабуна коронавирусалде данде вакцина. Дагьабго хІалхьи гьабизе бокьи гуреб щибниги хІалхиси дие гьелъ гьабичІо. Гьеб гьабулез врачазда рицине ккола жидерго басрияв унтабазул хаслъаби, гьез нилъер черхалъул кинабго рахъ хІисабалде босула.

Щивасда бичІчІизе заман щун буго коронавирус нилъер гІумроялъулъе лъугьун букІин ва гьеб чорхолъ рекъезабичІого нилъее рес гьечІолъи. Нужго ва нужее гІагарал балагьалде тІоритІичІого гьабе вакцинация, божуге харбазда, гьел печать тІад кьабурал документал гуро, улка биххизе къасд гьабулезул чорокал харбал руго. Нилъ щун руго батІайиса гьабизе рес гьечІеб гІорхъоде. ГІицІго вакцина гьабиялъ чІезабизе рес буго гьаб гІажалгун халкъалде бачІунеб унти.

**С. КЪЕБЕДМУХІАМАДОВА**
**Районалъул «Ахихъан» газеталъул бетІерай редактор**

Конкурс

# Баркула бергьенлъи!



СКФОялъул бакІал раялъул бутІаялда техническиял хІалтІабазда букІараб конкурсалда бергьана нилъер ракьцояв, Унсоколо районалъул Майданское росулъа Ражбадинов Шамиль МухІамадович. «БакІал раялъул бищунго лъикІав специалист» номинациялда гьес ккуна цебесеб бакІ.

Ш. Ражбадинов ккола «Мостотряд – 99» АОялъул вакил. Конкурс гьабуна манзил гьоркьобгин (дистанционно) БакІал ралезул миллияб цолъиялъул оператор платформаялда.

Бергьараз батІи-батІиял номинациязда гІахьаллъи гьабула ТІолгороссиялъул конкурсазда. Гьел ине руго августалда Москвалде, гьабсагІаталда ралел ругел НКУ МГСУ базаялде.

РакІ-ракІалъ баркула Ш. МухІамадовичасда бергьенлъи, гьарула гьесие жеги цІикІкІун рорхалъаби, бергьенлъаби, щулияб сахлъи, талихІ, битІккей!

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 34 (7483)
Хамиз
29 июль 2021 сон

3 гьумер

# ГIолохъанлъи

ГIелму гьечIеб жагьиллъи-жалго чIвалеб гьабилъи,
Лъалебани гIадамал, гIадада хвелароан.
ГIакълу гьечIеб ахIмакълъи, рухI бахъулел борхьаллъи,
БичIчIулебани гьаб халкъ, ригьдаго кантIилаан

**Инхоса ГIалихIажияв**



# «ЛъикIал тIабигIатазул ах» тIехьалдасан конкурсалда бергьарай

Араб анкьалда администрациялда букIана щайих АхIмад Афандил гIараб мацIалда хъвараб «ЛъикIал тIабигIатазул ах» тIехьалдасан букIараб конкурсалда бергьарай ХъахIабросулъа гIолилай Фатималгун муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул дандчIвай. Гьес баркала загьир гьабуна Фатимае гIараб мацIалдехун, исламалдехун, ва муфтиясул тIехьалдехун бугеб интересалъухъ. Гьес бихьизабуна гIажаиблъун вугин 800 гIан гIахьалчиясда, гьезда гьоркьорги гIемерал гIалимзабиругеб тадбиралда гьитIинай гIолилай, нилъер ракьцояй бергьиналъ,-абун. «Жакъа наркотиказде, батIи-батIиял хIаязде гIолилал цIан араб мехалъ кIудияб рохеллъун ккола нилъер ракьцояй, гьитIинай гIолилай кIудияб конкурсалда бергьин. Мун мисаллъун йиго гIолел васазегун ясазе. Баркала буго конкурсалда росарал лъикIал хIасилазухъ, гIумроялъулаб позициялъухъ! ЦIидасанги дуца бихьизабуна Унсоколо районалъул гIолилал республикаялдаго лъикIал рукIин»,-ян тIадчIей гьабуна ГI. МухIамадовичас.

РакIалде щвезабизин; Фатима ХIасанова ккола нилъер районалъул ХъахIабросулъа. Гьаюна ва гIуна Египеталда, Каир шагьаралда, гьениб рагIа-ракьанде щун лъазабуна гIараб мацIги. Фатима гIуна кIудияб хъизамалда, гьелъул вуго 4 вац ва цо яц. Школалда 8 классги лъугIизабун Фатима цIализе лъугьана Хасавюрталъул имам Ашъарил цIаралда бугеб исламалъул университеталде.

Нилъер цогояб информационнияб хъулухъалъ ахIун Фатима нижехъе ячIана жиндирго эбелгун цадахъ ва хинаб гара-чIвари ккана батIи-батIиял темабаздасан. «Гьалъухъе гьеб тIехь босун бачIана



дир васас, гьевги гIахьаллъана конкурсалда. Гьес абуна гьалда, рачIа цадахъ гIахьаллъилиланги. Гьез кIиязго байбихьана конкурсалде хIадурлъизе. РакIалдецин ккун букIинчIо финалалде инилан,-ян бицана ясалъул эбелалъ. – Муфтий АхIмад Афандица ахIараб мехалъги ракIалдецин ккечIо гьазда призалъулаб бакI батилилан.

Фатима бергьарайлъун рехсараб мехалъ хаган хутIана гьал. Рохизеги рохана. Фатимагун дандчIвазе ячIана Муфтиясул лъади ГIайнаъ ХIамзатова. Гьелъ Фатимае кьуна гIемерал къиматал гIакълаби, гара-чIварана, кьуна сайгъатал.

Районалъулги МугIрул территориалияб конкурсаздаги Фатимае щвана тIоцересел бакIал – вацасе щвана 2 бакI. Фатимал рагIабазда рекъон дандиялги рукIана гIемерго къуватал, гьелъ бергьенлъиялде ясалъул кинаб букIаниги божилъи букIинчIо.

800 гIахьалчиясдасан финалалде рорчIана I4I чи. Конкурсалъул киналго гьаризе тIадал жал рукIана гIараб мацIалда. «Гьел рукIана цIакъ захIматал»,-ян ракIалде щвезабуна Фатимаца. – Кинабго ургъун букIана гIиси-бикьинал жалги данде рачун. Дие цIакъ бокьана гьеб тIехь. Гьелда жанибе бачун буго кинабго жо! Киналго лъикIалги квешалги гIамалал. Кинабго щула гьабун буго хIадисаздалъун, Къуръланалъулаятаздалъун. Гьеб цIализе ккола щивав бусурманав чияс,-ян абуна Фатимаца.

Цойги нухалъ баркула Фатимада кIудияб ва мустахIикъаб бергьенлъи. Гьарула щулияб сахлъи, битIккей, жеги гIемерал бергьенлъаби ва церетIеял!

Лъималазегун гIолилазе

# КIодоэбелалъул малъи

*(ХIакъикъияб хабар)*

Кинго цоцадаса ратIалъун чIезаризе кIолароан яцгIалзаби Асиятги Сапиятги. ЭбелгIаги кIодоэбелгIаги тохлъаралго цоцахъе лъутулаан гьел. Гьедин нухаздасан уна-рачIунаго боцIи-панзалъ зарал гьабизе гурин дагьабго рикIкIад рукъ бугей Асият кодоэбелалъ жиндихъего ячана, аскIобго рукъ бугей Сапиятиеги гьелъиеги рес щвана кидаго цадахъ рукIине. КIудияй эбелалъ гьезие рукъулаан батIи-батIиял хамазул кускузул ясикIаби, тIамулаан гьезда тIад рекъолеб ретIел букъизе, сундегIаги ракI гьолеб ишалде руссинарулаан гьел. Лъималазда гIемер малъулаан лъикIабги квешабги, тIоритIулел тадбиразда цIодорго рукIине. КIудияй эбелалъе бокьулароан ясал мадугьалихь ругел васалгун расандизе, хIаракат бахъулаан гьездаса ясал хIинкъизаризе.

-Ралагьея, дир меседал! Ясал чияр васалгун расандизе бегьуларо, цо косынкаялъул рагIал, кверлъадул симис гьезда хъвани, лъимер кьола, гьеб мехалъ ясал чIвазе ккола,-ян хIинкъизарулаан гьелъ гьел.

Лъабкъоабилел соназул цо къоялъ имгIалас ясазе гIарац кьуна ва абуна лъималазе цIакъаб кино бачIун бугин, нужеего гьабсагIаталда ун белтал росейин ва бакъанида киноялде айин. Дида цадахъ бахчаялъуре рилъаян кIодоца абидал ясал гьардола белтал лъугIулин, риччай ниж гьел росизе,-абун. КIодол яс Пат1иматидаги ритIизарун ясал цоцада нахъа толаро ротпана тIасияб авалалда бугеб белтал ричулеб будкаялъухъе. ГIезегIан лъимал дандеlъун ругоан гьенире. –Мун ракьанда чIа, дица белтал тIалаб гьаризегIан,-ян Сапиятидаги абун лъималазул гурулъе лъугьун ана Асият. Ирга хвезабугеян абурав васасда гьурмада хъатги бан, «дуда гьикъизе кIочон букIана»,-ян жавабги кьун, хехгого тIалаб гьабуна гьелъ белтал ва йохуца холаго кIанцIана къадал ракьанда кьерун чIарай Сапиятихъе. – Гьале щвана белтал,-ян ахIун абидал магIил бералги цIун гIодизе лъугьана Сапият.

-Щиб дуе, мун белтаздаса йохун гьечIогойищ,-ян цIехана гьелда Асиятица.

- ГьечIо, дуца гьабураб щиб, гьанже доб кIодоэбелалъ абураб жо лъугьани щиб гьабилеб? Мун екерун кIанцIана гIемерал васал ругеб гурулъе, цевеги вас, хадувги вас, тIадежоялъе цоги хьолбохъ вугев васасда гьурмалъ жоги балеб буго.

Рохалил нур сун ана Асиятил гьурмадаса. ХIакъикъаталдаги кин дида кIвараб малъа-хъвай кIочене, щибдай гьанже ккела?-ян гьалдезе лъугьана гьелъул ракI.

Пашманго тIадруссунел рукIана ясал. Рокъоре щваралго Сапиятица гьазул цоялъул эбелалъул цонигиялъул инсул яц ПатIиматида бицана Асиятица гьабураб «гьунаралъул».

-Адия, гьанже щибдай ккела, кIодоца нижеда абун букIана ясазул кверлъин васазда хъвазе бегьуларин, Асиятица абуни церехун ва нахъехун ругел васазул санги гьабичIого, жиндаго кIалъаразул гьумерги чухIун белтал ралагьана. Щиб гьанже нижеца гьабилеб адия»,-ян гIодана гьей.

-Вуй, хвараб мех,-ян ясал ралъаргъулаго мадугьалазуль ругел ясал ахIизе ана ПатIимат. «Ясал рачIа цо нижер гьаниб бугеб кеп бихьизе,-ян ахIана гьелъ мадугьалзаби Меседоги Шарипатги ва бицана нижер яазул кверлъаби васазда хъван ругин. КIудиябго релъа-рохелалде сверана рукъ. Асият абуни кроваталде гьоркьа кIалагъоркьеги егун гIодизе лъугьана, Сапият къеда гьумерги чIван чIана.

-Дуе щиб бугеб Сапият, дур яцако йигелъул, гьанже Асият йиго гурхIарай гьарим, кIодоца чIвала ай къасде,-ян цIа гьолеб букIана ПатIимат адаца гьелда. ГIолилазул релъиялъ тIаса босулеб букIана рукъ.

- Дие хIажат гьечIо гьей къурущ-яцако, Асият хвани дунги гьелда цадахъ хабалалъе ина,-ян гIодулей йикIана Сапият.



Дагьабго рагьун бачIана Асиятил ракI, бихьанищ дун гьалъ рехун тезехъин гьечIо,-ян ракIалде кканиги жеги синкъиялда гIодулей йикIана гьей.

-Вай дир гIисинал хIурулгIинзаби, адияз махсароде кколел руго пакъирзаби нуж, симис хъванин лъималги гьаруларо, гIададе гIодуге дарманал,-ян ясал руссинаризе лъугьана мадугьал Шарипат, кроваталда гьоркьаса къватIие цIан гьелъ Асиятил гьумер магIидаса бацIцIана, кIияздаго баулаго рукъалда цебе бугеб рагьиялде рачана.

Ясал кIудиял гIуна, рукъалде руссана, амма даимгоялъе рекIелъ хутIана кIодоэбелалъул малъи.

**Саният КЪЕБЕДМУХIАМАДОВА.**

ЛъикІал гІадамазул хІакъалъулъ

# Сахаватлъи

Унсоколо росулъ къанагІатги ватиларо ЗайнулгІабидов ЗайнулгІабид лъаларев чи. Районалъул цогидал росабазул гІадамаздаги лъикІ лъала гьев. ЗайнулгІабид гьавуна І970 соналда Унсоколо росулъ. ЦІакъ гьитІинго эбел-инсуца ругьун гьавуна гьев захІмат бокьиялде. Аслияб къагІидаялда гьев хІалтІизе лъугьана Советияб Армиялда хъулухъ гьабун вачІун хадув, І99І соналдаса нахъе. Гара-чІвари гьабулаго гьес бицана гІалахалда гІумру гьабун



рукІаго бихьараб захІматалъул, ханждал, кормаялъул хъапал 25-30 метр халалъиялда мугъзадаги чІван раччизе ккеялъул. Гьединго цогидаб къайи-цІаги босизе кколеб букІиндалха гІумро гьабулеб бакІалде.

Техникаялде бугеб рокьиялъ гьев хІажатавлъун ккана тракторалда ва бульдозералда хІалтІизе. ГІемерал санал унел руго гьесул гьеб техника хІалтІизабулаго. Щив чи жинда аскІове къваригІелалъ вачІаниги ЗайнулгІабидида кІоларо гьев нахъ чІвазе. Дида чанго нухалъ халлъана гьев гІалахалде унаго нухаздаса къоно-гъегъ бакІарулев, лъинал къачІалев, заз-хъарахъ къотІулев. Гьабулеб хІалтІиги ЗайнулгІабидил бугоан мухІканаб, рацІа-ракъалъиялда гьабулеб. ГІадамазухъ мухьги гьес бищунго гІодобегІанаб босула. ГІиси-бикьинаб жоялъухъ гІарац босизего босуларо, жиндиеги кир хІажалъули лан. ЩалабатІа, Колоб, Гьабалахъ мегъаздеги нухал гьес чІорого, киридухъ къачІана. ЗайнулгІабид вуго иман, яхІ-намус, адаб, хатир бугев, сабрув, рагІуляреб каламалъул, гІаданлъи бугев инсан. Гьесие живго веццизе, жиндицаго гьабураб хІалтІул бицинецин бокьуларо.

Аллагьас къуват кьеги гьесие гьедин сахаватго г1умро т1амизе. Гьединал гІадамал Аллагьас нилъееги цІикІкІинареги!

**Сулейман МУХІАМАДОВ.**

Сахлъи

# *Фторалъ цІерцин биинабула*

Менделеевасул таблицаялъул тІоцебесеб кьералда бугеб фтор ккола бищунго хІаракатал галогеназдасан цояб. Пастаялда цадахъ кІалдибе ккани, фторалъ гьениб лъугьинабула жинца бекулеб цІерцин биинабулеб кислота.

ЦІер эмальго гІадин лъугьуна кремневияб материалалдасан, фторалъул кислотаялъ кІиялго кваназеги квана гьел. Гьелъул хІасилалда хехго хола ца-кІал. Гьебго гІиллаялъ хола лъурал пломбабиги.

<u>Ца-кІал бацІцІад гьабиялъе</u>. Бегьула ца-кІал чуризе пайда босизе ралъдал лъел бахъараб цІамудасан. Гьелъ микроэлементаздалъун хьезабула хІацІу. Гьелда тІадеги ралъдал цІам буго бактериял хвезарулеблъун. Гьелъул сах гьариялъул асар букІин гІалимзабаз чІезабунги буго. Амма кидаго ралъдал цІамуца ца-кІал чуризе лъикІаб гьечІо гьоркьо-гьоркьоб гурони.

Ца-кІал чурулаго І:І гьабун жубазабизе лъикІаб буго оливковияб нах, бегьула цІул бухІараб рахъу жубазе. Амма щибго жо гІемерлъизе лъикІаб гьечІо.

<u>Бакъбаккудехун ругез ца-кІал хъахІ гьариялъе хІалтІизабулеб букІараб некІсияб рецепт.</u> Бананалда тІаса бахъараб хъал лъикІ бацІцІад гьабизе, бакъвазабизе ва бухІизе ккола. Рахъу жубазабила ралъдал цІамгун І:І гьабун, гьелде тІела оливкадул нах яги бала ххараб дагьабго чІегІераб перец, чай гъудалъул тІогьибе босараб цІам, гьеб буго лъикІаб ца-кІал чурулеб порошок. Щибаб къойил гьеб хІалтІизабуни букІунаро кариэс унти, кІалдиса бахьунаро махІ, би чвахуларо дабаздасан, уна ца-кІалалъул ва дабазул унтаби. Лъуг1ула бухІарабгун цІорораб квен квани ца-кІал цІуни.

<u>Злакалъулал хурдул</u>. Ца-кІал бацІцІад гьабизе хІалтІизабизе бегьула киналго злакалъулал хурдул, масала, ролъ, огоб, овес. Процессалъе сах гьариялъул асар кьезе гъорлъе разе бегьула тысячилистник, сагІаналъул, зверобоялъул, чебрецалъул кинал ругониги хурдузул батІи-батІиял, нужеего бокьарал тІаса рищун. НекІо нилъер умумаз чІамулаан батІи-батІиял хурдул.

## Внимание!

В настоящее время Службой государственного финансового контроля Республики Дагестан проводятся выездные плановые проверки соблюдения Администрациями муниципальных районов «Унцукульский район» и «Левашинский район» требований бюджетного законодательства Российской Федерации и Республики Дагестан в 2020 году, при использовании субсидий, субвенций и иных межбюджетных трансфертов.

В целях оперативного реагирования проводится сбор обращений граждан по вопросам, относящимся к компетенции Службы. Заинтересованным лицам предлагается направлять свои обращения по предметам проводимых проверок в письменном виде с указанием: ФИО, даты рождения, места жительства и контактного телефона.

Обращения могут быть направлены следующими способами:

- нарочным должностным лицам, находящимся по месту проведения проверки:

Унцукульский район, п.г.т. Шамилькала, ул. Махача Дахадаева, 1, здание Администрации Унцукульского района;

- по электронной почте: sgfkrd@mail.ru;
- по месту нахождения Службы по адресу: г. Махачкала, ул. Абубакарова, 67.

Телефон для связи:8 (988) 798-84-98.

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

В строительную организацию АО «Мостоотряд-99» требуются бетонщики,сварщики, арматурщики, плотники для работы, как в Дагестане, так и за еёпределами. Заработная плата высокая. Проживание и питание обеспечивается научастке.
Обращаться по тел.: +7-(8722) 67-57-57

**Карточка учета основных сведений АО «Мостоотряд-99»**

| | |
|---|---|
| Полное наименование | Акционерное общество «Мостоотряд-99» |
| Фактический (почтовый) адрес | 367013, Республика Дагестан, г. Ма-хачкала, проспект Р. Гамзатова, д. 39А |
| Юридический адрес | 368264, Республика Дагестан, Хунзахский район, с. Шотода, ул. Мира, 27 |
| Телефон/факс | (8722) 67-57-57 |
| E- mail: | info@mostootryad-99.ru |
| Идентификационный номер (ИНН) | 0536005963 |
| Код причины постановки на учет | 053601001 |
| Код ОГРН | 1020501836266 |
| Полное наименование банка | Сбербанк России ПАО г. Москва |
| Расчетный счет | 40702810338090116563 |
| Кор\счет | 30101810400000000225 |
| БИК | 044525225 |
| Генеральный директор | Алиев Идрис Абдулвагабович |
| Главный бухгалтер | Мухтарова Асият Магомедовна |

**<u>Газета основана 1937 г.</u>**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**<u>Адрес редакции:</u>**
**51373**
**Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора 89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 8. 29. 2021 г. 17.50
фактически -18. 20 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.